



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ODYANS EKITE SALARYAL YO

Odyans yo nan Vil New York, Syracuse ak Buffalo sou Eka Peman selon Sèks nan New York

Ou Kapab Soumèt Temwanyaj Alekri nan payequity@labor.ny.gov

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a dat ak lokalite pou odyans ekite salaryal ki gen pou vini yo nan dat 26 Jen, 11 Jiyè ak 19 Jiyè. Odyans yo pral konsantre sou koz yo, anplè, ak enpak ekonomik ki koze pa eka salaryal selon sèks lan, epi yo pral òganize nan Vil New York, Syracuse ak Buffalo. Yo pral dirije pa Ko-Prezidant Etid Ekite Salaryal Eta New York lan (New York State Pay Equity Study) ki se Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ak Komisè Depatman Travay Eta a (Department of Labor) ki se Roberta Reardon.

“New York se lidè pwogesis nasyon an, epi nou angaje nan asire peman egal pou travay egal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Odyans yo pral ede nou idantifye estrateji yo pou konble eka salaryal la nan New York epi sipòte efò nou yo pou fè New York vin yon eta ki pi jis epi pi egal ego pou tout moun.”

Menm si eka salaryal New York lan se eka ki pi ba nan nenpòt eta ki nan nasyon an selon done federal yo, fanm ki ap travay yo nan Eta New York touche 89 santim an mwayèn pou chak dola yon gason touche. Eka salaryal la menm pi gwo pou fanm Afrikèn-Amerikèn ak Latin yo, epi inegalite salaryal la, kèlkeswa ras etnik, li pi grav nan kèk rejyon ki nan rejyon nò a.

Gouvènè Cuomo te anonse inisyalman entansyon li pou devlope estrateji pou kapab konble eka salaryal la nan Eta New York kòm yon pati nan Kalandriye Eksèsyò 2017 la. Gouvènè a te fòmèlman òdone Depatman Travay la pou kòmanse ak etid yo nan dat 4 Avril – Jounen Peman Egal la. Gouvènè Adjwen Hochul ansanm ak Komisè Reardon yo gen responsabite pou soumèt rekòmandasyon politik yo pou kapab konble eka salaryal la apati fen ane an.

Dat ak lokalite pou odyans piblik ki gen pou vini yo se jan nou pral di la:

Vil New York: Lendi 26 Jen soti 2:30 p.m. pou rive 4:30 p.m.

Adam Clayton Powell, Jr. State Building, 163 West 125th Street, New York, NY

Syracuse: Madi 11 Jiyè soti 10 a.m. pou rive 1 p.m

Rosamond Gifford Zoo, One Conservation Place, Syracuse, NY

Buffalo: Mèkredi 19 Jiyè soti 11 a.m. pou rive 1 p.m
Buffalo City Hall, Common Council Chambers, 65 Niagara Square, Buffalo, NY

Gouvènè Adjwen Hochul ak Komisè Reardon mande pou tout temwanyaj ke yo bay yo limite rive senk minit, epi an plis yo mande pou temwanyaj yo limite nan detaye koz eka salaryal la ak pwopozisyon politik espesifik yo pou konble li nan Eta New York.

Nou dwe soumèt tout temwanyaj alekri yo nan payequity@labor.ny.gov epi yo dwe limite nan idantifye koz espesifik yo pou eka salaryal selon sèks lan, ak sigjesyon sou fason ke yo ka konble eka salaryal la, swa nan tout entegralite li, swa nan kèk sektè an patikilye.

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ak Komisè Reardon pral akonpaye sou panèl la pa:

Rossana Rosado
Sekretè Eta

Lola Brabham
Komisè Pa Enterim
Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil Service)

Rose Harvey
Komisyonè
Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

RoAnn M. Destito
Komisyonè
Biwo pou Sèvis Jeneral yo (Office of General Services)

Kelli Owens
Direktris Afè Fanm yo (Women's Affairs)
Chanm Ekzekitif

Melissa Quesada
Direktris Afè Latin yo (Latino Affairs)
Chanm Ekzekitif

Linda Sun
Direktris Afè Azyatik Ameriken yo (Asian American Affairs)
Chanm Ekzekitif

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare, “Se yon wont ke 100 an apre ke yo te ranpòte dwa pou vote, fanm yo rete relege an sitiyasyon dezyèm klas nan kontinye touche mwens kòb ke konpayon gason yo. Pandan ke eka salaryal la pi piti nan Eta New York konpare a lòt eta yo, ane sa etid Depatman Travay nou an pral dekouvri vrè rezon tretman inegal fanm yo nan espas travay yo, epi rekòmande refòm ki pral korije

enjistis sa”.

Komisè Roberta Reardon te deklare, “Objektif odyans sa yo se pa pou detèmine si yon eka salaryal egziste; nou konnen ke li egziste. Sa nou bezwen se solisyon konkrè ak mezi inovatif ke nou kapab pran swa kòm yon eta, oswa nan kèk sektè an patikilye, pou mete fen nan yon enjistis sosyal ki evidan. Bon jan lide yo kapab soti de nenpòt kote, epi mwen enpasyan jwenn temwanyaj ki ap soti nan men ekspè akademik yo, biznis yo, ak travayè yo nan odyans sa yo”.

Etid sou Eka Pèman ant Gason ak Fi a apiye reyalizasyon anvan Gouvènè Cuomo a ak pwogram li a, “Pwomès New York pou Fanm yo” (“New York Promise to Women”), ki genyen ladan l:

- **Lwa sou Egalite Fanm:** Li te enkli eliminasyon yon defayans ki te pèmèt anplwayè yo entèdi anplwaye yo diskite sou salè yo sou menas revokasyon oswa sipansyon.
- **Dekrè Egzekitif Nimewo 161:** Entèdi antite eta yo evalye kandida potansyèl yo sou baz antesedan salè yo te konn touche anvan. Anplis, yo pa ka baze sou salè yon aplikan t ap touche anvan pou detèmine salè evantyèl anplwaye a.
- **Dekrè Egzekitif Nimewo 162:** Egzije kontraktè eta yo pou yo divilge sèks, ras, gwoup etnik, salè tout anplwaye pou yo ka ankouraje transparans ak pwogrè anvè parite salaryal la

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418